

Preparasyon pou Siklòn (Siklòn ak Sant Nasyonal pou Siklòn FEMA: Preparasyon pou Siklòn)

Kisa yon Siklòn ye?

Yon siklòn se yon tanpèt twopikal ki vin ak van ki gen yon vitès konstan 74 mil pa è oswa pi plis. Van siklòn pran fòm yon gwo espiral toutotou yon sant ki relativman kalm epi ki rele "zye-a." Jeneralman, "zye-a" gen yon lajè 20 rive 30 mil, epi tanpèt-la gen dwa etann-li jiska 400 mil. Lè yon siklòn ap vini, syèl-la kòmanse nwa epi van ap vante fò. Lè yon siklòn toupre tè, li gen dwa pote lapli toransyèl, gwo van, epi tanpèt. Yon sèl siklòn gen dwa dire plis pase 2 semèn sou dlo epi kreye yon chimen sou tout longè kòt litoral lès-la. Mwa dawout ak mwa septanm se pi gwo mwa seson siklòn-nan ki kòmanse premye jwen epi fini 30 novanm.

Kisa pou m' fè?

ANVAN SEZON SIKLÒN-NAN KÒMANSE

Pwoteje fenèt-ou.

Volè ki pèmanan se meye pwoteksyon. Si ou vle depanse mwens lajan, enstale pano an playwoud. Sèvi ak playwoud 1/2 pous – playwoud maren-an pi bon – koupe l' pou li byen ale ak fenèt-la. Sonje make chak planch pou sonje ki planch ki ale ak ki fenèt.

Drile twou chak 18 pous pou foure klou. Fè sa depi anvan tanpèt-la.

Koupe branch bwa ki seche oswa ki pa solid.

Pran enfòmasyon sou asirans pou inondasyon.

Ou ka jwenn enfòmasyon sou Pwogram Nasyonal Asirans pou Inondasyon-an atravè ajan asirans lokal-ou oswa biwo jesyon ijans-la. Dabitid, gen yon peryòd datant 30 jou anvan yon nouvo polis antre an vigè.

Polis mèt kay-yo pa kouvri inondasyon ki vin ak siklòn.

Devlope yon plan kominikasyon dijans.

Oka manm fanmi-yo vin separe pandan yon dezaz (se yon bagay ki posib lajounen lè paran-yo ap travay epi timoun-yo lekòl), elabore yon plan pou nou rasanble.

Mande yon fanmi oswa yon zanmi ki nan yon lòt eta sèvi kòm "kontak" pou fanmi-an. Apre yon dezaz, souvan li pi fasil rele long distans. Asire-

ou ke tout moun nan fanmi-an kòn non, adrès, ak nimewo telefòn kontak-la.

PANDAN SIVEYANS YON SIKLÒN

(Yo bay siveyans siklòn lè gen danje siklòn nan pwochen 24-36 zè-yo.)

Koute yon radyo oswa gade yon televizyon ak pil pou koute rapò sou jan siklòn-nan ye.

Mete pwovizyon ak ekipman dijans-ou la.

Mete gaz nan machin-nan.

Mete anndan bagay tankou mèb jaden, jwèt ak zouti pou jaden epi mare tout sa ou pa ka mete anndan.

Mete sekirite nan imèb-yo; fenmen epi kondane fenèt-yo. Retire tout anten ki deyò.

Mete frijidè ak frizè sou pi gwo volim. Ouvri-yo sèlman lè sa nesèsè epi kouri fenmen-yo.

Stoke dlo pou bwè nan basen, karaf, boutèy, ak veso ki byen pwòp.

Sere sa ki gen valè ak papyè pèsònèl-ou nan yon kontenè ki pa ka pran dlo kote ki pi wo lakay-ou.

Revwa plan evakyasyon-an.

Tache bato-ou byen oswa mete-li yon kote l'ap an sekirite. Sèvi ak yon kòd oswa yon chenn pou tache bato-a nan yon karavan. Sèvi ak bagay ki fèt pou ankre karavan-nan atè-a oswa tache-li sou kay-la.

PANDAN YON ALÈT POU SIKLÒN

(Yon bay yon Alèt pou Siklòn lè y'ap atann-yo aske kondisyon siklòn-nan (van 74 mil pa è oswa pi plis, oswa dlo ki wo anpil oswa lanmè ki trè move) ap kòmanse nan pwochen 24 èdtan-yo oswa mwens.)

Koute radyo oswa gade televizyon ak pil san pran souf pou resevwa enstriksyon ofisyèl-yo.

Si ou rete nan yon kay mobil, gade si tout bagay byen tache epi evakye touswit.

Pa pran asansè.

Si ou lakay-ou:

Rete anndan, pa rete bò fenèt, zeklè, ak pòt an vit.

Kenbe yon rezèv flach ak pil siplemantè toupre-ou. Pa sèvi ak flanm, tankou bouji aswa lanp kerozèn, pou fè limyè.

Si gen blakawout, etenn aparèy prensipal-yo pou anpeche-yo sote lè yo rebay kouran-an.

Si ofisyèl-yo di li nesèsè pou ou evakye:

Kite kay-ou lepli vit posib. Pa pran wout ki inonde epi fè atansyon ak pon ki pran dlo.

Pou sekirite lakay-ou, deploge aparèy elektrik-yo epi fenmen kouran-an ak dlo-a.

Kite yon moun ki pa nan zòn siklòn-nan konnen ki kote ou pwale.

Si ou gen tan, epi ou nan zòn kote siklòn-nan pwal pase, retire tout mèb atè-a pou pwoteje-yo kont inondasyon oswa, pi bon toujou, mete-yo aletaj.

Pran tout pwovizyon ou te rasanble alavans, rad cho, lenn ak sak kouchaj pou al nan refij-la.

Bloke pòt lakay-ou epi ale.

APRE SIKLÒN-NAN

Ret branche sou yon radyo lokal pou enfòmasyon.

Tounen lakay-ou sèlman apre otorite-yo di sa pa danjere.

Rete lwen poto elektrik ki rache oswa preske rache epi repòte-yo imedyatman bay konpayi elektrisite-a, lapolis, oswa ponpye.

Fè atansyon lè w'ap antre lakay-ou. Fè atansyon ak koulèv, ensèk ak zannimo dlo fè sòti nan tè-a.

Ouvri fenèt ak pòt pou kite lè antre epi seche anndan-an.

Gade byen ki manje ki pa bon ankò nan frijidè-a.

Pran foto domaj ki genyen nan kay-la ak bagay ki detwi pou reklamasyon asirans.

Kondwi sèlman si sa nesèsè epi pa pran wout ki inonde oswa pon ki pran dlo.

Sèvi ak telefòn sèlman si gen ijans.

ENSPEKTE APARÈY NAN YON KAY KI ANDOMAJE

Chèche si pa gen fwit gaz –Si ou pran yon odè gaz oswa ou tande yon bwi ki fè tankou yon esplozyon oswa yon moun k'ap sifle, ouvri yon fenèt epi kite bildinn-nan touswit. Si ou kapab, etenn gaz-la nan sistèm prensipal ki deyò-a epi al kay yo vwazen pou rele konpayi gaz-la. Kèlkeswa rezon ki fè ou etenn gaz-la, se yon pwofesyonèl ki pou remete-li pou ou.

Gade si sistèm kouran-an pa andomaje –Si ou wè etensèl oswa fil elektik ki rache oswa abime, oswa si ou pran yon odè izolasyon cho, etenn fyouz prensipal-la oswa bwat fizib-la. Si ou gen pou mete pye-ou nan dlo pou rive nan fyouz-la oswa bwat fizib-la, rele yon elektrisyen anvan pou li ba-ou konsèy.

Gade si sistèm egou ak sistèm dlo-a pa andomaje—Si ou sispèk sistèm egou-a andomaje, pa sèvi ak twalèt-yo epi rele yon plonbye.

REZÈV POU DEZAS

✓ **Dlo** – omwen yon galon pa jou pou chak moun pou 3 a 7 jou

✓ **Manje** – ase manje pou omwen 3 a 7 jou
– manje ak ji ki pap gate oswa ki nan bwat konsèy
– manje pou timoun ak ti granmoun
– ti manje pou pase nan bouch
– ouvrebwat ki pa mache ak kouran
– enstriman pou fè manje / gaz
– asyèt plastik / veso plastik

✓ **Lenn / Zoye, ets.**

✓ **Rad** – ki apwopriye pou sezon-an / rad pou lapli/ bon soulye

✓ **Materyèl premye swen / Medikaman / Medikaman Preskripsyon**

✓ **Bagay espesyal** – pou tibebe ak ti granmoun

✓ **Pwodwi twalèt / Pwodwi ijyèn / Sèvyèt pou idrate**

✓ **Flach / Pil**

✓ **Radyo** – Ki mache ak pil

✓ **Lajan kach** - Bank ak ATMs gen dwa pa ouvri oswa disponib pou long peryòd.

✔ **Kle**

✔ **Jwèt ak Liv**

✔ **Dokiman Enpòtan** – nan yon kontenè ki pa ka pran dlo
— asirans, dosye medikal, nimewo kontanbank, kat Sekirite Sosyal, ets.

✔ **Zouti** – Kenben yon bwat zouti avèk-ou pandan siklòn-nan

✔ **Machin ki foul ak gaz**

✔ **Bagay pou Bèt-ou**

- bon jan idantifikasyon / dosye iminizasyon / medikaman
- bon jan pwovizyon manje ak dlo
- yon bagay pou pote bèt-la oswa yon kaj
- mizo oswa lès